



Pou Piblikasyon Imedya: 10/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE EKIP JESYON ENSIDAN ETA NAN VILAJ
WHITEHALL AKOZ DLO KI MANKE**

Uit manm Ekip Jesyon Ensidan Eta Nouyòk deplwaye nan Whitehall pou sipòte operasyon entèvansyon yo

Biwo Jesyon Ijans Eta a te voye 10 palèt dlo nan boutèy nan vilaj la, ansanm ak twa rezèvwa dlo 500 galon epi de kamyon sitèn dlo 6,700 galon

Ekspè Sante ak Jesyon Ijans Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans yo, ansanm ak Depatman Sante ak Konsèvasyon Anviwònman rete sou plas pou sipòte entèvansyon an

Lakwa Wouj Ameriken distribye dlo ant 8 a.m. epi 8 p.m. nan ponpye Whitehall

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke uit manm ekip Jesyon Ensidan Eta a te deplwaye pou sipòte operasyon entèvansyon an akoz dlo ki manke nan Vilaj Whitehall nan Konte Washington. Ekip sa a se yon ekip multi-ajans/plizyè jiridiksyon ki ka deplwaye oswa aktive lè sa nesèsè pou jere yon ensidan oswa yon evènman an sekirite, yon fason efikas, kèlkeswa kòz, gwosè oswa konpleksite a. Depi kòmansman sityasyon an wikenn sa a, Eta Nouyòk te deplwaye plizyè anplwaye nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta a, Depatman Sante (Department of Health) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation) an, ansanm ak resous adisyonèl tankou kamyon sitèn ak dlo nan boutèy.

"Pandan Vilaj Whitehall ap fè fas ak dlo ki manke a, m ap deplwaye Ekip Jesyon Ensidan Eta a pou sipòte kominote ki afekte nou yo pandan n ap travay pou retabli nivo dlo nòmal yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pran angajman pou bay rezidan yo ak biznis yo tout resous ki nesèsè yo pou simonte kriz sa a, epi m ap travay an kolaborasyon ak patnè Eta nou yo, lokal yo epi ki san bi likratif yo pou asire nou fè tout sa nou kapab pou ede."

Ekip Jesyon Ensidan Eta Nouyòk (Incident Management Team, IMT) yo deplwaye kòm yon ekip pèsònèl ki resevwa fòmasyon, ki reprezante plizyè disiplin ki jere gwo ensidan konplèks ki mande yon kantite resous lokal enpòtan, eta oswa tribal. Jiridiksyon ki fè

demann lan konsève tout kontwòl lokal, otorite, ak responsablite pandan tout dire ensidan an pandan IMT a bay asistans jesyon ensidan an nan non yo.

Depi kòmansman dlo ki manke a pandan wikenn nan, Nouyòk te rete an kowòdinasyon ak Vilaj Whitehall ak Konte Washington pou sipòte entèkansyon an. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta a te deja deplwaye dis palèt dlo, twa rezèvwa dlo 500 galon ak de kamyon sitèn dlo 6,700 galon pou asire kominote a gen aksè a dlo. Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control) Divizyon an te deplwaye tou yon Sistèm tiyo alimantasyon pou lite kont dife dyamèt XL ki gen ladan yon kamyon tiyo, yon tiyo alimantasyon 1372 m ak 20 cm (4500' 8") ak yon trelè sipò rezèv dlo.

Anplis de sa, Divizyon an te sipòte difizyon Alèt Ijans San Fil nan zòn ki antoure a epi Biwo Kominikasyon Entèwoperab ak Ijans li a te deplwaye resous kominikasyon adisyonèl nan zòn nan pou amelyore kouvèti radyo ak selilè pou ajans entèkansyon yo.

Depatman Sante Eta a ap kontinye kontwole sitiyasyon an. Anplwaye yo ap travay sou plas avèk kominote a ak machann yo pou detèmine solisyon reparasyon ponp yo epi bay asistans teknik si sa nesèsè. Depatman an genyen tou de inite filtraj mobil ki ta ka asire lòt filtraj dlo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)